wërale nañu sawara ak ay bànneex, wërale àjjana ak ay naqar

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónent bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «wërale nañu sawara ak ay bànneex, wërale àjjana ak ay naqar».

[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ne sawara dañu koo wërale ak i mbir yoy bakkan da koo bëgg, ci jëf yu araam yi, ag gàtteñlu ci yu war yi; Ku topp bànneexam ci loolu kon yeyoo na sawara, Àjjana nag lu ñu muur la wërale ko ak ay mbir yoy bakkan da koo bañ; niki sax ci def ndigal yi bàyyi tere yi te muñ ca, bu dëgëree xeex ak bakkanam ci loolu kon yayoo na dugg àjjana.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3702